



Depatman Edikasyon Eta New York
Modèl Fòm pou Bay Avi pou Plent Dapre Pwosedri Regilye
Pou Mandè yon Odyans San Patipri
Mas 2014

Ou ka itilize modèl fòm sa a pou fè yon plent (ki rele yon demann pou yon odyans san patipri tou) pou rezoud yon dezakò sou idantifikasyon, evalyasyon oswa plasman yon elèv ki gen andikap oswa yon elèv ou sispèk ki gen yon andikap oswa konsènan yon edikasyon piblik apwopriye yo bay pou yon elèv la anba Lwa sou Edikasyon Moun ki Gen Andikap [Individuals with Disabilities Education Act (IDEA)].

Moun Konsène ki Soumèt Avi pou Plent lan

- Ou dwe fè yon demann alekri pou gen yon odyans dapre pwosedri regilye.
- Tout enfòmasyon ki gen asterisk (*) yo sou fòm sa a obligatwa dapre seksyon 300.508(b) Kòd Règleman Federal ak seksyon 200.5(i)(1) Règleman Manm Komisyon Edikasyon epi ou dwe mete enfòmasyon sa yo lè w ap soumèt yon Avi Plent dapre Pwosedri Regilye pou mande yon odyans san patipri.
- Si oumenm oswa avoka ou, pa mete enfòmasyon ki gen asterisk (*) yo sou fòm sa a, sa ka lakòz ou jwenn refi oswa rete nan sesyon rezolisyon an ak/oswa yon odyans dapre pwosedri regilye ak rediksyon nenpòt frè avoka tribinal la akòde.
- Ou ka mande medyasyon, nenpòt lè, epitou anvan ou bay yon avi pou plent dapre pwosedri regilye.
- Lè paran an mande yon odyans dapre pwosedri regilye, paran an dwe dakò pou rankontre avèk distri lekòl la pou eseye rezoud pwoblèm nan avan odyans lan kòmanse. Reyinyon sa a, ki rele yon Sesyon Rezolisyon, dwe fèt nan 15 jou apre distri lekòl la resevwa avi paran an pou plent dapre pwosedri regilye. Men, paran an ak distri lekòl la ka dakò pou ale nan medyasyon pou rezoud pwoblèm nan oswa yo ka dakò pou kontinye avèk odyans san patipri a, olye yo gen yon Sesyon Rezolisyon.

Moun Konsène ki Resevwa Avi Sa a

- Si ou kwè avi a pa ase (pa bay tout enfòmasyon obligatwa ki gen asterisk yo), ou ka fè ofisye odyans san patipri yo deziyen an ak lòt moun ki konsène a konnen sa alekri nan 15 jou ki vini apre yo resevwa avi sa a. Ofisye odyans san patipri a dwe deside si avi a ase nan senk (5) jou apre demann ki ase a epi li dwe fè toulède moun ki konsène yo konnen sa alekri.
- Nan 10 jou ki vini apre yo resevwa yon avi pou plent dapre pwosedri regilye, ou dwe voye yon repons ba lòt moun ki konsène a. Repons lan dwe gen ladan pwoblèm ki endike nan demann lan.
- Si lekòl la pa voye avi alekri anvan an ba paran an konsènan zafè ki endike nan avi plent paran an dapre pwosedri regilye, distri lekòl la dwe voye yon repons ba paran an nan 10 jou apre yo resevwa avi pou plent dapre pwosedri regilye dapre seksyon 1415(c)(2)(B)(i)(I) IDEA.

Pou Lòt Enfòmasyon

Pou jwenn lòt enfòmasyon sou edikasyon espesyal ak sou *Avi pou Garanti Pwosedri*, ale nan sitwèb <http://www.p12.nysed.gov/specialed/publications/home.html>.

Eksplikasyon: Ranpli, siyen epi fè de (2) kopi fòm orijinal la.

- Voye fòm orijinal la ba:
 - paran an si lekòl la mande pou gen odyans.
 - Konsèy Edikasyon an si paran an mande pou gen odyans.
- Voye yon kopi ba Depatman Edikasyon Eta New York, P-12: Office of Special Education, 89 Washington Avenue, Sal 309 EB, Albany, New York, 12234. Atansyon: Impartial Hearing Reporting System (Sistèm Rapòtaj Odyans San Patipri).
- Konsève yon kopi pou dosye ou.

AVI POU PLENT DAPRE PWOSEDI REGILYE

Mwen, moun ki siyen anba la a, fè Plent sa a dapre Pwosedì Regilye kont
_____ (lekòl la oswa paran an).

Moun ki soumèt plent lan: _____

Ki soumèt ba: _____

Dat la: _____

Enfòmasyon sou Elèv la

*Non Timoun nan:

Dat Li Fèt:

*Adrès Kay Timoun nan (si li gen youn):

*Non Lekòl Kote Timoun nan Ye:

Non Lekòl Kote Timoun nan Ye:

Non Distri Lekòl oswa Ajans Eta ki Responsab pou Bay Sèvis yo:

*Lòt Enfòmasyon pou Kontak pou Timoun oswa Jèn Moun ki Sanzabri (si yo disponib):

Enfòmasyon sou Paran

Non paran oswa Moun ki Gen Relasyon Paran; oswa Paran Ranplasan (si genyen):

Adrès Postal Paran, Responsab Legal oswa Paran Ranplasan (si genyen):

Telefòn:

Enfòmasyon sou Lekòl la

Non Reprèzantan Lekòl la oswa Moun pou Kontakte (si ou konnen li):

Adrès Postal Lekòl la oswa Biwo Santral Ajans lan:

Sijè Plent lan

* Dekri **kalite pwoblèm nan** (enkyetid ki te lakòz ou mande pou gen odyans sa a), ansanm ak tout **enfòmasyon espesyal** ki gen pou wè ak pwoblèm nan Mete paj oswa dokiman siplemantè, si li nesèsè.

Solisyon ki Pwopoze

*Endike **rezolisyon ou pwopoze** pou pwoblèm nan dapre limit ou konnen epi ki disponib pou moman sa a. Mete paj oswa dokiman siplemantè, si li nesèsè.

Non Moun Ki Ranpli Fòm Sa a:	Siyati:
Koche kaz pou youn: <input type="checkbox"/> Paran oswa Moun ki Gen Relasyon Paran an <input type="checkbox"/> Paran Ranplasan: <input type="checkbox"/> Avoka Paran an <input type="checkbox"/> Reprizantan Distri Lekòl/Ajans Eta <input type="checkbox"/> Avoka Distri Lekòl/Ajans Eta	Dat la:
Èske gen nenpòt plent dapre pwosedi regilye (odyans san patipri) y ap travay sou li pou menm elèv sa a? Wi _____ Non _____ Si ou reponn wi, kimoun yo deziyen kòm ofisye odyans san patipri a?	
Èske oumenm, oswa yon lòt reprizantan paran an, te soumèt yon avi pou plent dapre pwosedi jis pou menm elèv sa a nan dènye 12 mwa yo epi ki te anile annapre? Wi _____ Non _____ Si ou reponn wi, kimoun yo te deziyen kòm ofisye odyans san patipri a?	